4. Khamidov Jalil Abdurasulovich, Khujjiev Mamurjon Yangiboevich, Alimov Azam Anvarovich, Gafforov Alisher Xolmurodovich, Khamidov Odil Abdurasulovich. "OPPORTUNITIES AND RESULTS TO INCREASE THE EFFECTIVENESS OF MULTIMEDIA TEACHING IN HIGHER EDUCATION." *JournalofCriticalReviews* 7 (2020), 89-93. doi:10.31838/jcr.07.14.13

5. Хўжжиев М.Я. (2020). Возможности повышения эффективности мультимедиа в процессе урока.*Universum: психология и образование*, (1), 10-13.

**РЕЗЮМЕ**

Муҳандислик-педагогик олий таълим муассасалари талабаларини амалий ўқитиш тизимининг моддий ифодаси бўлиб касбий таълим педагогининг мақсадлари ва компетенциялари, назарий-услубий ёндашувлари, тамойиллари, структуравий компонентлари, амалий ўқитиш босқичлари, шунингдек, касбий таълим педагогларини касбий-педагогик тайёрлаш жараёнини ўзгартириш объектив заруряти, шунингдек, замонавий шароитларда ҳам услубий, ҳам амалий режаларда мазкур муаммонинг етарлича ишлаб чиқилмаганлиги орасидаги зиддиятларни бартараф этиш имконини берадиган ўзаро боғлиқликлар ва муаммолар таҳлили мақолада ўз аксини топган.

**РЕЗЮМЕ**

Цели и компетенции учителя профессионального образования, теоретико-методические подходы, принципы, структурные компоненты, этапы практической подготовки, а также объективная необходимость изменения процесса профессионально-педагогической подготовки учителей профессионального образования, а также в современных условиях анализ взаимосвязей и проблем, позволяющий преодолеть противоречия между тем, что данная проблема недостаточно проработана как в методическом, так и в практическом планах.

**SUMMARY**

The goals and competencies of a teacher of vocational education, theoretical and methodological approaches, principles, structural components, stages of practical training, as well as the objective need to change the process of vocational and pedagogical training of teachers of vocational education, as well as in modern conditions, the analysis of interrelations and problems, allowing to overcome the contradictions between these that this problem has not been sufficiently worked out both in methodological and practical terms.

## КӨРКЕМЛИК БИЛИМЛЕНДИРИЎ СИСТЕМАСЫНДА ТАЛАБАЛАРДЫҢ КӨРКЕМ ДӨРЕТИЎШИЛИК УҚЫПЛЫЛЫҒЫН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ

**Т.В.Уразимова -** *көркем-өнер таныў илимлериниң кандидаты, доцент*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** педагогика, ўкитиш жараёни, ўкитиш усуллари, инновация технологияси, тасвирий санъат, ижодкорлик.

**Ключевые слова:** педагогика, процесс образования, методы образования, инновационая технология, изобразительное искусство, творчество.

**Key words:** pedagogics, education process, education methods, innovative technology, graphic arts, creativity.

Көркемлик педагогиканың теориясы ҳәм әмелиятының ең әҳмийетли ҳәм зәрүрли ўазыйпаларының бири, дөретиўши инсанды ҳәм соның менен бирге көркем өнер тийкарында талабалардың көркем дөретиўшилик уқыплылықларын раўажландырыўдың тийкарғы концепция ойының маңызлы-мазмунлылық мәнисин қәлиплесетириў болып табылады. Ҳақыйқатында, бул контекстте көркем өнери ең нәтийжели усыл болып табылады. Қызықлы ҳәм көп қырлы предмет бола отырып, көркем өнер тәбияты ҳәм қызығыўшылықлары бойынша ҳәр қыйлы адамларды өзине тартыўға мүмкиншилик жарататуғын, көп санлы, орынланыўы бойынша ҳәр қыйлы техникларға, усылларға ийе.

Өзбекстанның үзликсиз билимлендириў системасында талабаның жеке инсан сыпатында өсиўине айрықша дыққат қаратылған. Атап айтқанда, субъектке, оған жеке қатнас жасаўды есапқа ала отырып, оның жеке инсанлық сыпаты, өз бетинше искерлиги арқалы адамның жеке инсан сыпатында өзин таныўы, өз бетинше шешим қабыл етиўи, ҳәм ең ақырында өзиниң жумысын таллаўы әмелге асырылады. Талабалардың дөретиўшилик уқыплылықларын көркем өнери жәрдеминде раўажландырыўдың тийкары, айқын көринип турған унамлы қызғын тәсирлер, ҳәм олар арқалы ақыл мийнетинен ләззетлениў болып табылады. Бул көп тәрепи бойынша талабаның авторлық өзгешелигинде, оның сүўретлеп көрсетиўдиң образлық тилинен (композиция, фактура, көлем, ритм, рең, сызық) пайдаланыўында, жаңа образлардың көринислерин ҳәм моделлерин жаратыў, табылған усылларды қайта ислеў уқыплылығында көринеди.

Ҳәзирги постиндустриал дәўир жәмийеттиң барлық тараўларында дөретиўши инсанның тутқан орын ҳәм ролин жоқары көтерди. Усыған байланыслы соңғы ўақытлары Өзбекстанда билимлендириў тараўында әҳмийетли жаңалықлар киргизилди, сезилерли өзгерислер жүз берди. Бүгинги күнниң социаллық-мәдений талаплары билимлендириў системасының алдына жоқары кәсиплик шеберликке ийе, дөретиўши, ҳәзирги заманның инновациялық өзгерислерине ийкемлесе алатуғын қәнигелерди оқытып таярлаў ҳәм тәрбиялаў ўазыйпаларын қояды. Көркемлик билимлендириў мәселесин қарай отырып, биз бул көзқарас аспекттиң көп қырлылығын ядта сақлаўымыз керек. Себеби, бул тек ғана билимлендириў системасының өзи ушын кәсипшил кадрларды таярлаў емес, олар және де көркем өнер тараўындағы кәсип маманлары, дүнья жүзлик бирлеспелер алдында усы тараўды изертлеўшилер ҳәм үгит-нәсиятлаўшылар да болыўы тийис. Буннан тысқары нәтийжели, мәдений, дөретиўшилик индустрияның раўажланыўы Өзбекстан Республикасындағы туризмниң раўажланыўының тийкары да болып табылады [1].

Көркемлик билимлендириў системасы тек ғана көркем өнер усыллары менен билимлендириў болып есапланбайды, ол кең көлемдеги гуманитарлық-мәдeният изертлеўшилик илимий тийкарды да талап етеди. Сонлықтан оның тийкарғы ўазыйпасы, тийкарында ақыл менен ойлаў, эстетикалық көркемлик ҳәм этикалық дүньятаныў көзқараслары жататуғын гуманитар ҳәм инсаныйлық мәдениятты қәлиплестириў болып табылады. Өзинде ақыл менен ислеў ҳәм дөретиўшилик уқыплылықларды бирлестире отырып, көркемлик билимлендириў мәдeният, билимлендириў ҳәм көркем өнер арасында бир қанша динамикалы ҳәм жемисли байланыслар жүргизиўге мүмкиншилик береди. Атап айтқанда, көркемлик билимлендириў инсанның раўажланыўының оқыў, үйрениў ҳәм күшли тәсирлениў жағдайларын теңлестире алады, ҳәм усының менен адамның көркем дөретиўшилик уқыплылықларының раўажланыўына жәрдем береди. ЮНЕСКОның көркем өнер тараўындағы билимлендириў бойынша Биринши дүнья жүзилик конференциясы Декларациясының стратегиялық бағдары: «көркем өнер арқалы оқытыў ҳәм оқыў» (Лиссабон, Португалия, 2006-жыл), сондай-ақ ЮНЕСКОның Екинши дүнья жүзилик конференциясының усынслары (Сеул, Корея Республикасы, 2010 жыл) – буның дәлили бола алады.

Талабалардың көркем дөретиўшилик уқыплылықларының раўажланыўы, дөретиўшилик негизлердиң ашылыўы, ҳәзирги заман жәмийетиниң

оғада әҳмийетли зәрүрликлери, оның нәтийжели раўажланыўының, алға илгерилеўиниң тийкарғы шәртлериниң бири. Инсанның раўажланыў процесиниң үзликсизлигин есапқа ала отырып, билимлендириў процесиниң концептуал тийкарлары да, оның өз ўазыйпаларын дурыс атқарыўына жәрдем беретуғын педагогикалық технологиялардың өзгериўи менен қосылып педагогикалық-шөлкемлестириўшилик шараятларының талаплары да өзгерип барады.

Талабалардың көркем дөретиўшилик уқыплылықлары туўралы айта отырып, биз биринши гезекте, тийкарында, оларға иске кирисиўдиң жаңалығы ҳәм сапалық өзгертилиўи тән болған, ҳәр қыйлы, гейде қәлиплескен стандарт үлгиге келмейтуғын шешимлерди излеў жататуғын, ойлаўдың инновациялық тийкарларының раўажланыўына айрықша дыққат аўдарыўымыз тийис.

Билимлендириўдиң улыўма системасында талабалардың көркем дөретиўшилик уқыплылықларын көркем өнери тийкарында раўажландырыў, тиккелей объекттиң оқытыў процесине инталылығына, оның жеке өзиниң мүтәжликлерине ҳәм ең баслысы қызығыўшылығының себеплерине тийкарланды. Талабалардың көркем дөретиўшилик уқыплылықларын раўажландырыў ушын анық белгили педагогикалық шараятларды белгилей отырып, биринши гезекте, оқытылып атырғанлардың жас категориясын есапқа алыў керек. Бул, субъектке, оқытыў процеси (теориялық оқытыў) тийкарында, оларды жүзеге асырыўға көркем өнери бойынша ҳәр қыйлы хабарландырыў қуралларын түсиниўге, қайта ислеўге, қайта ойлап көриўге, таллаўға ҳәм т.б. уқыплылықларының болыўы жәрдем ететуғын, бир қатар әмелий жумысларды, тапсырмаларды орынлаў зәрүр болатуғын көркем өнерине де толық дәрежеде тийисли. Атап айтқанда, барлық компонент қурам бөлеклериниң толық пүтинлиги субъектке қоршап турған өмир ҳақыйқатлығын дурыс сәўлелендириў бойынша бир қатар әмелий тапсырмаларды орынлаўына мүмкиншилик береди.

Көп жыллар даўамында өткерилген теориялық изертлеўлер төмендегини көрсетти: субъекттиң көркемлик уқыплылықларының раўажланыўы мүмкин болады, егер инсан, өзин дөретиўши, гөззалықты жаратыўшы деп сезинип, оқыў процесинде өзин белсендилик пенен көрсете алса, дөретиўшилик искерлик, ҳақыйқатында, биринши гезекте, адамның өзиниң ойын көз бенен көриўге болатуғын түрде билдириўге, гөззаллықты көрсетип бериў арқалы, өзи ушын емес, ал оны қоршап турған адамларға белгили бир мағлыўматты бере алатуғын ҳәр түрли сүўретлерди көркем өнериниң ҳәр қыйлы түрлери ҳәм усылларында белгилеп көрсетиў уқыплылығы менен байланыслы. Анық белгили адамларды ямаса бизди қоршап турған ҳақыйқатта бар дүньяны сүўретлеп көрсетиў, тек ғана дөретиўшилик пикирлеўди раўажландырып қалмай, ал ойлаў искерлигиниң басқышларының избе-излигин сәўлелендириўге де мүмкиншилик беретуғын, ойлаў қуралы болып табылады. Бул жағдайда, белгили мақсетти қойыў, мағлыўматлар ҳәм материалларды жыйнаўға, уқсаслықларды үйрениўге тийкарланған таллаў жүргизиў ҳәм ең баслысы жуўмақлаўшы нәтийжеге ерисиў барлығы жыйналып субъекттиң көркем дөретиўшилик уқыплылықларын раўажландырады.

Инсанның көркемлик билим алыўы, көркем дөретиўшилик уқыплылықларының раўажланыўы мәселелерине көп санлы изертлеўлердиң бағышланғанлығына қарамастан, бүгинги күни усы мәселени жаңадан қайта ойлап көриў ҳәм қайта қарап шығыўға күшли талап пайда болды. Бул тараўдағы қәлеген изертлеўдиң илимде белгили: интегратив, баҳалы-мазмунлылық, феноменологиялық, искерлик-дөретиўшилик, толық билиўшилик, мәдениятты изертлеўшилик, системалы синергетикалық ҳәм б. – методологиялық усылларға сүйениўи тийис екенлиги гүмансыз. Бул көзқарастан, көркемлик-педагогикалық билимлендириў көзқарасынан ең тәсирли болып есапланатуғын системалы-синергетикалық қатнасқа үлкен дыққат бериў керек.

Бүгинги күни, ҳәзирги ўақытта бар болған, көркем өнери тараўындағы қәнигелерди таярлаў әмелияты ҳәм олардың ҳәзирги заман талабаларының көркем дөретиўшилик уқыплылықларының қәлиплесиўи ҳәм раўажланыў процесине тәсир көрсетиўи, илимий көзқарастан да, сондай-ақ әмелий көзқарастан да жеткиликсиз дәрежеде. Бул теориялық тийкарлардың әмелий ис пенен байланысларының үзилип қалғанлығы себепли болып отыр.

Бул тараўдағы соңғы изертлеўлер ҳәзирги заманның талап, мүтәжликлери арасында социаллық-педагогикалық қарама-қарсылықлардың пүтин бир жыйындысының, ал айырым орынларда экономикалық қарама-қарсылықлардың да бар екенлигин, көркем өнери дөретпелерин «ислеп шығарыў» процесиниң өзи ҳәм талабалардың ҳәзирги заман көркем өнериниң «предметлери» деп аталатуғын, көпшиликке есапланған массалық, қәлипке түсип қалған түрлерине бағытланыўшылығы арасындағы үлкен айырмашылықтың бар екенлигин көрсетти.

Көркем өнерин ҳәзирги заман талабаларының көркем дөретиўшилик уқыплылықларын қәлиплестириў ҳәм раўажландырыў процесине тартыўдың зәрүрли шәрти, биринши гезекте үзликсиз билимлендириў процеси болып табылады. Себеби, ҳәзирги заман жәмийетиниң тийкарғы талапларының бири, көркем ҳәм әмелий безеў өнери тараўындағы раўажланған көркем дөретиўшилик уқыплылықларға ийе, жоқары маманлықтағы қәнигелерди таярлаў болып табылады. Миннетли талап сыпатында жоқары кәсиплик шеберлик ҳәм уқыплылыққа, кең өрисли билимлиликке, кәсиплик дөретиўшилик искерлик уқыбына, булардан тысқары өзин өзи бийлеў, өзин өзи тәртипке салыў ҳәм өзин өзи раўажландырыў ушын зәрүрли жеке қәсийетлерге ийе болыўын атап өтиўге болады.

Талабалардың көркем дөретиўшилик уқыплылықларын раўажландырыў мәселесинде дөретиўшилик мүмкиншиликлер аспекти ақыл менен ойлай билиў қәбилетиниң ҳәм әмелий билимлериниң, зейинлиликлериниң ҳәм уқыплылықларының жыйындысы сыпатында тәрийпленеди. Дөретиўшилик мүмкиншиликлер мәселелерди қойыўда, сондай-ақ оларды шешиў жолларын излеўде пайдаланылады. Бул жағдайда дөретиўшилик мүмкиншиликти субъекттиң, айрықшалығының тийкары ойлаў (билиўге ҳәўеслик, өзгешелик, системалылық, пүтинлик, сыншыллық), перцепциялар (тәсирлениўшилик, фантазия, нәзик түсиниўшилик, қыял етиўшилик), өз күши менен жумыс ислеўге уқыплылық (қайсарлық, исенимлилик, ериклилик), табысқа ерисиўге умтылыўшылық, тәўекел ете алыўшылық) хызмет еткен, жаңалық жаратыўдағы белгили дәрежедеги жеке инсанлық уқыплылық сыпатында қараў керек.

Усыған байланыслы: «талабаларды дөретиўшиликке қалай оқытыў-үйретиў керек?», усы процесс тийкарында «инсанның көркем дөретиўшилик уқыплылықларын қалай раўажландырыў керек?» – деген әҳмийетли саўал пайда болады. Алға қойылған бул мәселени шешиўде субъекттиң үйреншикли үлги бойынша емес, стандарт емес ойлаў қәбилети әҳмийетли роль атқарады. Буннан тысқары билимлендириўдиң баслы мақсетлериниң бири, төмендеги төрт қурам бөлекти өз ишине алатуғын,

инсанның социаллық тәжирийбени өзлестирип алыўының зәрүрлиги болып табылады:

- тәбият ҳәм жәмийет ҳаққында билимлер;
- искерликтиң тийкарғы усылларын әмелге асырыў бойынша тәжирийбеге ийе болыў;
- ҳәм нәтийже сыпатында жумыс ислеўде дөретиўшилик тәжирийбениң бар болыўы;
- сондай-ақ, қоршап турған дүньяға ҳәм искерликке бир пүтин-сезимталлы тәсиршеңлик (комплексли) қатнаста болыў, оны түсиниў тәжирийбеси де зәрүр.

Солай екен, оқытыў процеси, тийкарында ойлаўдың жаңа усылларын өзлестириў ҳәм оқыў-үйрениў ҳәм дөретиўшилик тәжирийбеси бир комплексте жататуғын, талабалардың көркем дөретиўшилик уқыплылықларын раўажландырыўға бағдарланған болыўы тийис. Билимлендириў процесинде стандарт емес ойлаўдың раўажландырылыўы төмендегилерге тийкарланады:

- стандарт жағдайда жаңа мәселени көриў ҳәм ашып көрсетиў уқыплылығы;
- мәселени өзинше шеше алыў ҳәм топлаған билимлерин ҳәм шеберликлерин жаңа жағдайларға көшире алыў уқыплылығы;
- объекттиң толық дүзилисин көре алыў уқыплылығы;
- мәселени шешиўде альтернативалық вариантлардан пайдаланыў;
- жаңа мәселени шешиўде бурыннан белгили усылларды, креативлиликти есапқа ала отырып, араластырып ямаса өзгертип қоллана алыў уқыплылығы.

Бул көрсетилген мәселелерди, улыўма билимлендириў процессинен тысқары, миннетли болмаған факультатив, өз бетинше ҳәм жеке сабақларда, сондай-ақ қосымша билим алыў системаларында да шешиўге болады.

Көркем өнериниң оқытыў процесинде салмақлы нәтийжелерге ерисиў ушын белсенди актив ҳәм интерактив педагогикалық технологияларды қолланыў зәрүр. Бул жерде төмендеги бир неше тийкарғы пунктлерди айырып көрсетиўге болады:

- сабақты меңгериўдиң актив түрлери ҳәм усылларынан пайдаланыў;
- педагогикалық усыллар машқалалылық элементлерин киргизиўге тийкарланған ўақытлары илимий излениўди киргизиў;
- инсанда басламашыллықты, еркинликти шынықтырыўға жәрдем беретуғын усылларды қолланыў;
- оқытыў барысында сабақларда дөретиўшилик пенен ойлаўдың қәлиплесиўине жәрдем беретуғын педагогикалық жағдайларды жаратыў;
- сабақларда ҳәм аудиториядан тыс жумысларда қызғын тәсирли ҳәм еркин дөретиўшилик жағдайлар жаратыў;
- субъекттиң кәсиплик қәнигелигин қәлиплестириўге жәрдем беретуғын, ең әҳмийетли искерлик түри сыпатында оқыў әмелиятына айрықша дыққат аўдарыў.

Өз бетинше аудиториядан тыс жумыслардың мазмунына ҳәм шөлкемлестирилиўине айрықша дыққат аўдарыў:

- әмелият сабақларын жобаластырыў ҳәм шөлкемлестириў;
- сабақтың барысында дөретиўшиликтиң ҳақыйқый жаңа предметлерин жаратыў ушын, талабаны дөретиўшилик пенен иске кирисиўге қызықтырыў уқыплылығы;
- тапсырмалардың шешимлерин ҳәм шешиў усылларын излеўдиң альтернативалы вариантларын раўажландырыў ушын тапсырманың мазмунына көбирек дыққат аўдарыў;
- жәмәәт пенен бирге ислесиўдиң дөретиўшилик орталығын жаратыў;
- жәмәәтте бирге ислесиў көнликпелерин қәлиплестириў, бир-бирине кең пейилли қатнасты, бир-бирин қоллаў ҳәм өз ара жәрдем сезимин тәрбиялаў;
- талабалардың илимий-әмелий конференциялаларын шөлкемлестириў;
- ўақты-ўақты талабалардың дөретиўшилик жумысларының нәтийжелериниң презентацияларын өткериў, көргизбелер, таңлаўлар ҳәм т.б. шөлкемлестириў.

Бүгинги күнниң кәсиплик билимлендириўинде жумысты өз күши менен жобаластырыўға ҳәм шөлкемлестириўге, алға қойылған мәселени шешиўде ҳәр қыйлы вариантларды усына алыў, шешиўши түрде таңлаў, қадағалаўды әмелге асырыў, жағдайға таллаў жүргизиў уқыплылықларына ийе қәнигелерди таярлаў ҳәм тәрбиялаўға оғада үлкен дыққат аўдарылады. Бул жағдайда дөретиўшилик мәселелерди шешиўде, ең нәтийжели усыл сыпатында оқытыў процесинде жеке инсанға бағдарланыў қатнасына айрықша дыққат аўдарыў зәрүр.

Классикалық оқытыўға қарағанда машқалалы оқытыўдың артықмашлығына түсиниўге ҳәрекет етип көремиз. Машқалалы үйретиўде оқытыўшы ойлаўдың раўажланыўының нызамлылықларын билиўине сүйенип, арнаўлы педагогикалық усылларды қоллана отырып, билим бериў процесинде инсанның ойланып ислеў уқыплылықларын ҳәм билим алыўға болған мүтәжликлерин қәлиплестириў үстинде мақсетли жумыс ислейди. Усы айтылған пикирге сүйене отырып, биз машқалалы оқытыўдың ўазыйпаларын айырып көрсете аламыз:

- субъекттиң алған билимлер ҳәм көнликпелери системасын өзлестириў ҳәм олардан пайдалана алыў уқыплылығы;
- оқытыў мәселесин шешиў барысында дөретиўшилик пенен өзлестириў ҳәм әмелий билимлерден пайдаланыў көнликпелерин тәрбиялаў;
- дөретиўшилик пенен өзлестириўди тәрбиялаўдың улыўма тийкарында инсанның оқыў-үйрениў искерлигин ҳәм дөретиўшилик уқыплылықларын раўажландырыў;
- талабалардың дөретиўшилик ис тәжирийбесиниң қәлиплесиўине ҳәм топланыўына жәрдем бериў.

Машқалалы оқытыў процесинде оқыў-үйрениў искерлигин шөлкемлестириў оқытыўшының тийкарғы түсиниклерди түсиндириўине, фактлерди хабарлаўына ҳәм оларда талабалар таллаў жүргизиў тийкарында өзинше жуўмақлар шығаратуғын ҳәм сол арқалы алға қойылған мәселени шешетуғын, машқалалы үйрениў жағдайларын жаратыўға тийкарланады. Бул система субъектте ақыл менен ислеў ҳәрекетлери көнликпелерин, алған билимлеринен пайдаланыў көнликпелерин жетилистиреди ҳәм усы тийкарда оларда дөретиўшилик мәселелерди шешиўде баслаўшылық ҳәм өз күши менен ислей алыў уқыплылығы жетилистириледи. Бул арқалы, инсанның улыўма ҳәм кәсиплик билимлилигиниң қәлиплестирилиўинде, көркем өнери менен өз ара байланыстағы талабалардың көркем дөретиўшилик уқыплылықларын раўажландырыўдың усылы сыпатындағы машқалалы оқытыў мәселелери шешиледи. Дөретиўшилик сыпатқа ийе машқалалы мәселени қойыў субъекттен айрықша тапқырлықты, алға қойылған мәселени шешиўдиң жаңа жолларын излеўди талап етеди. Бундай тапсырмаларды шешиўде себеп-нәтийже байланысларын қойыў мәселелери, соңынан бул қубылыстың алға илгерилеўшилик

прогрессивлик дәрежесин ашып көрсетиў менен бирге усы фактлер арасындағы избе-излиликти анықлаў ҳәм т.б. мәселелер қойылыўы мүмкин.

Бирақ, биз төмендеги жағдайларға дыққат аўдарыўымыз керек:

- алға қойылған машқалалы жағдайлар билимлер системасын қәлиплестириў тийкарында қурылады;
- олар талабаларға түсиникли болып табылады;
- субъекттиң оқыў-үйрениўшилик искерлигине ҳәм белсендилигине басшылық етеди;
- булардан тысқары, оларға сүйенип инсан машқалалы мәселеге өз күши менен таллаў жүргизиўи ҳәм нәтийже алыўы мүмкин болған билимлер жыйындысының толықлығы зәрүр.

Машқалалы оқытыў нәтийжесинде инсанда оқыў процесине қызығыўшылық, жоқары дәрежедеги өз күши менен ислей алыў уқыплылығы ҳәм жеке себеп жетилистирледи. Буннан тысқары, теориялық билимлерин әмелде, кәсиплик искерлигинде пайдалана алыў уқыплылығы, таллаў жүргизе алыў уқыплылығы, ҳәм ең баслысы натураны, предметтиң формаларын сүўретлеп бериў процесинде ҳәр түрли живопислик усылларды ҳәм тәсирлиликлерди қолланыў, композиция нызамларынан дурыс пайдаланыў уқыплылықлары жетилистириледи.

Талабалардың көркем дөретиўшилик уқыплылықларын пүткил оқытыў процеси даўамында раўажландырып барыў оның ажыралмас бөлеги болып табылады. Көркем өнери инсанның қәлиплесиўинде, оның таңлаған кәсиби бойынша билимлериниң ҳәм уқыплылықларының қәлиплесиўинде әҳмийетли роль атқарады. Оқып үйрениў процесинде талабалар адамды, оны қоршап турған орталықты ҳақыйқатлық пенен, дурыс көркемге ғана үйренип қалмайды, ал дыққатлылық, жуўапкершилик ҳәм өзин өзи анализлеў уқыплылықларын да ийелейди. Сонлықтан, оқытыў жумысын шөлкемлестириў процесиндеги оқытыўшының ўазыйпасы, анық белгили билимлер системасын ислеп шығыў ғана емес, ал билимлендириў ўазыйпаларына жуўап берип, оқытыў жағдайы бола отырып, бир ўақыттың өзинде инсанды мәдений көзқарасынан да раўажландыратуғын жайдайлар жаратыў болып табылады.

**Әдебиятлар**

1. Өзбекстан Республикасының туризм ҳаққындағы нызамы. 2019 жыл 18-июль, № ӨзРН-549.

**РЕЗЮМЕ**

Мазкур мақолада ҳозирги давр бадиий таълим тизими, талабаларининг ижодий имкониятларини ривожлантириш масалалари акс эттирилган. Ўқувчиларни фаоллаштириш масаласи ҳозирги замон педагогика илмининг ва иш тажрибасининг энг муҳим масалалари қаторига киради. Шахснинг ижодий ва интеллектуал имкониятларини, дунёқараши ривожланиши фаоллаштирувчи эстетик тарбия бу соҳада муҳим аҳамиятга эга. Шу сабабли ҳам таълим ва тарбия жараёни доим мулоқотга тайёр, ҳар хил ҳаётий соҳаларда ҳамкорлик ва ижодкорлик қобилиятига эга бўлган ижодкор шахсларни тайёрлашга имконият яратадиган ўқитиш усулларига асосланиши зарур.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящена вопросам художественного образования, развитию художественно-творческих способностей студентов, так как в современном обществе возросло внимание к проблеме художественного образования. Не последнюю роль здесь играет эстетическое воспитание, способствующее активизации развития мировоззрения, интеллектуальных и творческих потенций личности. Поэтому процесс образования необходимо основывать на создании условий для воспитания творческой личности, готовой к диалогу, сотрудничеству и сотворчеству в различных сферах жизни.

**SUMMARY**

The article deals with issues of art education, developing artistic-creative abilities of student, since that nowadays in society arose attention to the problems of art education. Aesthetic education plays the great role in activating world-view, intellectual and creative potential of human-being. So that in teaching process we should focus our attention on creating appropriate conditions for instructing creative people, where we are ready to communicate, collaborate.

## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН СҮЎРЕТЛЕЎ ӨНЕРИ ЖӘРДЕМИНДЕ ТАЛАБАЛАРДЫҢ КӨРКЕМ ДӨРЕТИЎШИЛИК УҚЫПЛЫЛЫҚЛАРЫН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎДЫҢ ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ТИЙКАРЛАРЫ

**Т.В.Уразимова** - *көркем-өнер таныў илимлери кандидаты, доцент*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** педагогика, бадиий таълим, ижодкор шахсни етиштириш, бадиий маданият, ижтимоий соҳа, ўкитиш жараёни.

**Ключевые слова:** педагогика, художественное образование, творческое развитие личности, художественная культура, социальная сфера, процесс образования.

**Key words:** pedagogics, education, creative development to personalities, art culture, social sphere, process of the teaching.

Талабалардың көркем дөретиўшилик уқыплылықларын раўажландырыў, ҳәзирги заман кәсиплик билимлендириўиниң, жумыс бериўшилердиң талапларына бағдарланған, әҳмийетли мәселеси болып табылады. Бул мәселениң көплеген изертлеўшилери, дөретиўшилик ойлаў биринши гезекте теориялық сабақларда раўажланады деген пикирди қуўатлайды. Бирақ бизиң ойымызша, бул, оғада тереӊ мәселеге бир тәреплеме көзқарас. Биз, талабалардың көркем дөретиўшилик уқыплылықларын сүўретлеў өнери жәрдеминде раўажландырыў мәселесинде, тек теориялық ҳәм әмелий билимлендириўдиң жыйындысының комплексли қолланылыўы ғана унамлы нәтийжелер береди деп есаплаймыз.

Сүўретлеў өнериниң айрықша өзгешелиги дөретиўшиликтиң көриниўиниң өзине тәнлиги болып табылады. Бул жерде биз билимлерди, уқыплылықларды ҳәм көнликпелерди ийелеўдиң жолларын өз бетинше излеўге бағдарланған үйрениў процесслериниң системасын бар қанша анығырақ бақлаўымызға болады. Бурын атап өтилгениндей, сүўретлеў өнеринде раўажландырылатуғын уқыплылықлар инсанның өзине тән қәсийетлериниң дүзилисине киретуғын қурам бөлеклери түрине ийе. Инсанның көркем дөретиўшилик уқыплылықлары, сүўретлеў өнеринде, билимлендириў процессиндеги субъектке тән болған айырым уқыплылықлары арасындағы өз ара байланысларда көринеди, усы искерликтиң өзгешеликлерин таллаў, педагогикалық көзқарастан изертлеўлер жүргизиўге мүмкиншилик береди. Сүўретлеў өнериндеги искерлик тийкарында раўажландырылатуғын уқыплылықлардың комплексин анықлаўға (бирақ, уқыплылықлардың арасындағы айырмашылықларды анық ажыратыўдың қыйын екенилигин атап өтемиз) ҳәм олардың арасынан, көп тәрепи бойынша субъектке тәбийғый талант түринде берилген тийкарғы уқыплылықларды айырып көрсетиўге ҳәрекет етип көремиз.

Қарақалпақстан сүўретлеў өнери тийкарында талабалардың көркем дөретиўшилик уқыплылықларының раўажланыўы концепциясының мазмун-мәңызлылық тийкарын изертлей отырып, биринши гезекте Өзбекстанның жоқары билимлендириў системасындағы көркем өнерге оқытыў